Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 36 (7228) 1 сентябрь Хамиз 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъурущ



1 сентябрь - Лъаязул къо!

## «Колобок» ясли-ах рагъана

**Лъаязул къоялъ 50 лъимадуе бакI бугеб ясли-ах рагъана Генуб заманаялъулаб поселокалда. «Колобок» абун маргъоялъул цIар бугеб гьелъ жиндирго нуцIби рагьана гьитIичазе. Гьеб рагьараб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана РДялъул Правительствалъул председателасул зам. Р. Жафаров, транспорталъул,, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул зам. Ю. МалламухIамадов, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул администрациялъул, лъай кьеялъул хIалтIухъаби, учреждениял-организациязул нухмалъулел. Рохалил хозяйнзабаз гьалбадерида дандчIвай гьабуна чедгун ва цIамгун. ГIицIго микьго моцIида жаниб бан рагIалде бахъинабуна ясли-ах.**



Унго-унголъунги маргъабалъ гIадинаб берцинаб буго «Колобок» ясли-ах. БакI-бакIазда ран руго кьер-кьерал шарал, тIугьдул. Берцинго къачIан буго гьелъул сверухълъи. Унго-унгояб рохеллъун буго гьеб гьитIичазе ва гьезул эбел-инсуеги. КIалъазе рахъарал гендерил вакилзабаз бахчулеб букIинчIо гьелдаса бугеб рохел. –Гьаб рохел нилъее кьурал рачIун руго жакъа нилъехъе, гьеб баркизе,-ян абуна тадбир бачунелъ. – Гьаб ккола РДялъул приоритетниял проектазул рихьизариязда бараб ясли-ах. Нилъер рохел гIахьал гьабизе вачIун вуго РДялъул Правительствалъул вице-премьер Р. Жафаров.

(Ахир 4 гьумералда)

## Учительзабазул августалъулаб совещание



**Лъаязул къоялда цебе Шамильхъалаялда тIобитIана гIадатлъун лъугьараб педагогазул августалъулаб совещание. Гьенире ракIарун рукIана киналго школазулги тIадеги лъай кьолел учреждениязулги педагогал. Дандрана араб цIалул соналъул мисалиял хIасилал, бицана гьаб цIалул соналда цере чIарал масъалабазул.**

Педагогазулгун дандчIвай рагьулаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна араб соналъул цIалулъ ккарал тIадегIанал хIасилазда. Хадубги гьес абуна: «Учительзабазул букIине ккола лъикIаб ракI, хIалимал берал, тIалаб-агъаз бугел кверал. Гьединал руго нилъер педагогал ва гьединлъидал абизе бокьун буго ни лъер лъимал божарал кверазухъ ругилан. ГI. НурмухIамадовас хадубги абуна: -Цевесев учителасулги цIалдохъанасулги гьоркьоблъи тIад буссине бокьилаан. Учитель годекIанив вугони цIалдохъан цевесан унароан. ГьедигIанги авторитет букIана цебе учителасул. Гьев мисаллъун вукIунаан нижее,-абун. Араб цIалул соналъул хIасилазул бицунаго бетIерас бихьизабуна цIалуда хадургъей борханин 20 проценталъ. Медалал щваразул рахъалъ районалъ республикаялда лъабабилеб бакI ккунин.

(Ахир 2 гьумералда)

Нухмалъиялъулги жамагIатазулги дандчIвай

# Росабазул захIмалъаби лъазаруна

Гьал къоязда ЦIатIанихъ ва ИштIибури росдал гIадамалгун дандчIвана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидат М. МухIамадов. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, учреждениял организациязул нухмалъулел. БетIерасулгун ва депутатлъиялде кандидатасулги дандчIвай иштIадерица данде ккезабун букIана росдал къоялда. Гьеб гIуцIадго тIобитIана росулъ. Квеш ккараб жо буго гIемерал иштIадерица росуги рехун тун магIишаталъе къватIирехун цойги бакIал тIаса рищулел рукIин. Амма гьеб къоялъ росу тун аралги рачIун рукIана жидеего гIагараб байрамалде.

ТIоцебесеб иргаялда Халкъияб Соб-раниялде депутатлъиялде кандидат М. МухIамадовас иштIадерида баркана гIадатлъун лъугьараб праздник. Гьединго бицана рищиязулаб



программаялъул, жинцаго гIумроялде рахъинаризе хIисабалде росун ругел ишазул.

Хадуб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас киса-кирего росабалъго гIадин дандчIвай гьабуна жамагIаталъулгун. ГIадамаз гьесие кьуна росадада хурхун жидеего рахIат толарел суалал. Аслияб къагIидаялда гьел рукIана нухазда, электроэнергиялда хурхарал. Гьезие чIванкъотIарал жавабалги щвана.

Росдал къоялъул хIурматалда гьениб тIобитIана столалда теннис хIай, волейболалъул къецал. Байрамалде ахIун рукIана цогидал росабазул бутIрулги.

ХIалтIулаб группа щвана гьединабго сапаргун ЦIатIанихъ росулъеги. Ралагьана росдал лъай кьеялъул учреждениязухъ, хал гьабуна цIияб цIалул соналде бугеб хIадурлъиялъул. Щвана библиотекаялде, клубалде.

Хадуб данделъана «Единая Россия» партиялъул штабалде, избирателал дандчIвана РДялъул Халкъиял депутатазул Собраниялъул депутатлъиялде кандидат М. МухIамадовгун.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 36 (7228)*

*1 сентябрь 2016 сон*



**29 августалда Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIипов ва РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялъул председателасул зам, Сергей Неверовги гIахьаллъун ЛъаратIа районалъул ХIидиб росулъ рагьана 60 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школа**




## Учительзабазул августалъулаб совещание

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас ракI-ракIалъ баркана педагогазда цIияб цIалул сон байбихьи ва абуна: - нилъер районалда буго 36 лъай кьеялъул учреждение, гьездасан I5 ккола гIаммаб лъай кьеялъул школал, I3 школалде рахинчIел, 8 тIадеги лъай кьеялъул учреждениял. Школазда руго 3400 цIалдохъан, школалда цересел учреждениияз жанире рачуна I500 лъимер, тIадеги лъай кьолел бакIазде хьвадула 2338 чи.

Школазда хIалтIи лъикIлъизабиялдалъун ЕГЭ нилъеца кьуна лъикIал хIасилалгун.

КIалъазе рахъарал педагогаз доклад гьоркьор лъуна. Педколлективазда хIалтIул бугеб хIалалъул бицана Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалъул директорасул зам. Н. ГIалиевалъ, Генуб тIадеги лъай кьеялъул учреждениялъул директор А. МухIамадовалъ ва цогидазги.

Лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас хIурматиял грамотаби кьуна хIалтIухъ ратIа гьарулезе. Хадуб педагогазе лъикIаб баркиялъулгун хIалхьи гьабиялъул тадбир тIобитIана лъималаз ва культураялъул хIалтIухъабаз. Рихьизаруна тIадеги лъай кьеялъул учреждениязда цIалдохъабаз гьарурал хIалтIабазул выставкаби. Гьезие лъикIаб къимат кьуна нухмалъиялъ.

## Бесдалаздехун гурхIел-рахIмугун.

24 августалда МахIачхъалаялда анлъабилеб нухалъги тIобитIана гурхIел рахIмуялъул акция «Скоро в школу»,- абураб ахIиялда гъоркь. Гьеб тIобитIана «Сити» рекIелгъеялъул Централда. Тадбир гIуцIана «Дагестан без сирот» республикаялъул регионалияб багъа-бачариялъ. Чанго соналъ бесдал хутIарал лъималазе кумек, кверчIвай гьабулеб буго гьеб организациялъ. Гьединго бесдалазе кумекал гьарула ТIолгороссиялъул националияб эбел-инсул



ассоциациялъгун гIемерал спонсораз.

Гьеб акциялда тIоцеве гIахьаллъана нилъер районалъул ГьаракIуни росулъа 7 сон барав бесдалав МикагIил ГьитIинмухIамадов. Гьесул эбел эмен балагьаб лъугьа-бахъиналдалъун нилъедаса ратIалъана ва МикагIил хутIана эбел-эмен гьечIого.

Районалъул опекаялъул попечительствалъул рахъалъ специалист Хадижат Жамалудиновалъ бицухъе: тадбиралда букIана кутакалда гьудуллъи лъулгун хинаб ахIвал-хIал. – Лъималаз лъикIго хIалхьи гьабуна гьениб, кьуна гьезие сайгъаталги. Исана школалде уна МикагIил. Гьесул къисматалдехун тIаса-масаго балагьизе кIвечIо дида. Цакъ бокьун букIана гьесие кумек гьабизе,-ян бицана Хадижатица.

# ХIажат буго цолъиги цоцазул адаб цIуниги

(«ЛъикIал гIамалазул ах» тIехьалдаса)

***Унсоколо районалъул дагIваталъул отделалъул нухмалъулев, 1985 соналъ гьавурав, МухIамадхIажиясул вас ГIабдурахIманов ГIабдурахIманил буго лъабго тIадегIанаб лъай: ДГУялда цIалун гьесие щвана экономистасул ва юристасул махщелал, хадув цIалана Шамил районалъул ГIасаб росулъ бугеб исламияб институталда. ГIабдурахIман-хIажи ккола Египеталъул некIсияб «Аль-Азгьар» исламияб институталда I900 соназ мугIалимзабазе дарсал кьолев вукIарав кIудияв гIалимчи, Унсоколоса Якъубил ХIажимухIамадхIажил тухумалъул чи. Гьоркьехун кьолеб буго гьесулгун гьабураб гара-чIвари:***



**-ГIабдурахIман-хIажи, хIалтIизе байбихьун лъагIел гурони ун гьечIо дур, гьабураб хIалтIул бицани бокьилаан.**

-Муфтияталъ нижеда цебе лъун буго ясли-ахикьан байбихьун, ригьалъухъ балагьичIого гIадамазулъ исламияб, ай берцинаб гIамал-хасият куцаялъул жавабчилъи цIикIкIараб масъала. Экстремизм, терроризм ва наркоманиялъул жамгIияталъе бугеб зараралъул гIадамазда, хасго гIун бачIунеб гIелалда берцинаб каламалдалъун, гIумруялдаса мисалалги рехсон бичIчIизабизе хIаракат бахъулеб буго нижеца. ДагIват отделалъул хIалтIухъабазул кидагосеб бухьен букIуна росабазул мажгитазул имамзабазулгун, школазул директорзабазулгун, ясли-ахазул заведующиязулгун, ДЮСШалда хIалтIулел тренеразулгун ва цогидалги районалда ругел идарабазул нухмалъулезулгуни. Гьеб хIалтIулъ нижее кIудияб кумек щола районалъул имамасдасан, гIалимзабазул советалъул председателасдасан, ГIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталдасан, бетIералда ГIиса НурмухIамадовгун райадминистрациялдасан. Ниж хIалтIула щибаб росдал ахIвал-хIалги хIисабалде босун гIуцIараб планалда рекъон. Цойги нижер хIалтIул хаслъилъун ккола: дагIват отделалъул гIемерисел хIалтIухъабазул буго исламияб ва светскияб тIадегIанаб лъай, гьедин букIиналъ кIудияб кумек букIуна батIи-батIиял идарабазул хIалтIухъабазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабулелъул. Араб лъагIалида жанир нижер хIалтIухъаби районалъул щибаб росулъе щвана, хIатта анцIго нухалъ щварал росабиги ккана. ХIасил кинаб ккарабали районалъул гIадамазда лъикI лъала. РакIалде ккола дагь-дагь ккун гIадамазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи, хинлъи ва адаб цIикIкIунеб бугилан. Аллагьасе рецц буго, лъалаго район лъикIаб рахъалде хисулеб буго. Гьабизе хIалтIи жеги гIемераб буго, Аллагьас лъикIаб хъван батаги!

**-Дагъал цереГIан къояз рагIалде рахъана районалъул гIадамазда гьоркьор тIоритIарал муфтий, шазалияб ва накъщубандияб тIарикъаталъул устар АхIмад-хIажи-Апандиясул (къ. с.) «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIехьалдасан гьарурал къецал. ГIадамазул кинаб гIахьаллъигун гьел арал?**

-ГIадамазулъ лъикIал тIабигIатал куцаялъул ва гьезда гьоркьоб вацлъиги цолъиги щула гьабиялъул мурадалда гIуцIараб гIид букIана районалъул центр Шамилхъалаялда ва цадахъго тIоритIана къецалги. Байбихьуда къецазда гIахьаллъизе бокьаразул сияхIалда букIана 650 чиясул цIар. Гьеле гьеб хIужаялъго бицунеб гьечIищ районалъул гIадамазул гьеб тIехьалдехун бугеб лъикIаб бербалагьи? Къецал тIоритIулеб къоялъ гьениб гIахьаллъи гьабуна 320 чияс. МагIарул ва гIурус мацIазда тIобитIараб тIоцебесеб туралда финалалде рорчIана бищунго гIемерал баллал щварал кIикъоялда анцIила ункъгоял. Гьездасан къоло лъабгоясе жюриялъул хIукмуялдалъун кьуна къиматал сайгъатал, хутIарав лъебералда цоясеги кьуна I000 гъ, гIарацги хIурматалъул грамотаги, гьединалго сайгъатал кьуна финалалде рорчIичIел бищунго гьитIинав ва бищунго ригьалъ кIудияв анкьоязеги. ГIаммаб къагIидаялъ батIи-батIиял сайгъатал щванана лъабкъоялда микьго чиясе.

**-ТIоцересел бакIал ккуразул цIарал рехселарищ?**

-ТIоцебесеб бакI щвана («Приора») Унсоколоса I9 сон барав МухIамадгIалил вас МухIамадие, гьев ккола ДИУялъул щуабилеб курсалда цIалулев мутагIил. КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана (50 000 гъ.) Шамилхъала поселокалда гIумру гьабун йигей, 1986 соналъ гьаюрай ТIелекьаса МухIамадил яс Раисат, гьей ккола школалъул авар мацIалъул мугIалим. Лъабабилеб бакI ккуна (30 000 гъ.) Унсоколоса, I956 соналъ гьавурав МухIамадил вас МуртазагIалица, гьевги ккола авар мацIалъул мугIалим, гьабсагIаталда хIалтIулев вуго райУОялда. Гьанибго тIадчIей гьабун бицине бокьун буго гIахьалчагIаз къецал гIуцIаразул цIаралда рачIарал отзывазул хIакъалъулъ. Гьез тIоцебесеб иргаялда баркала загьир гьабулеб буго авторасе, гьединаб гIадамазе пайдаяб тIехь данде гьабуралъухъ, гьединго къецал ракIбацIцIадго ва тIадегIанаб даражаялда тIоритIаралъухъ. Хъвалеб буго тIехь цIалидал жидееги гьелъ гьабураб лъикIаб асаралъул хIакъалъулъ. ГIахьалчагIазул цояс хъвалеб буго къецал цойги нухалъ сайгъаталги гьечIого гьаризе бегьуларищилан, гьединал къецаз исламияб лъай борхизабиялъе квербакъулеб букIиналъ. Къецал тIоритIулеб къо районалда исламияб байрамалде сверана, гьенибго букIана гIелмияб мажлисги. Сайгъатал кьолеб къоялъ абуни тадбиралда гIахьаллъизе рачIун рукIана муфтиясул заместитель АхIмад-хIажи Кахаев, мугIрузул районазул куратор ХIасан-хIажи, къецал тIоритIиялъул жавабияв МухIамадгIариф-хIажи, республикаялдаго къецал тIоритIиялъул жавабияв Рамазан-хIажи, Шамил районалъул имам Сиражудин-хIажи ва цогидалги. Данделъиялда кIалъалаго А. Кахаевас абуна: «Унсоколо район буго имамзаби ГъазимухIамадицаги Шамилицаги дунялалдаго цIар рагIизабураб баракатаб ракь, бергинлъидал нужеца бусурбанаб, берцинаб хьвада-чIвадиялдалъун цогидал районазул гIадамазеги мисал бихьизабизе ккола, Аллагьас тавпикъ кьеги, нужее, гьедин хьвадизе»,- абун.

**-Къецал тIоритIиялъе районалъул гIадамаз кумек гьабун батила нужее?**

-Нус-нус чияс гьабуна кумек гIарцудалъун ва цогидаб хIажатабщиналдалъунги. Масала, «Приора» автомашина кьуна Унсоколоса, «Рисалат» тукадул директор МухIамадица, гьебго росулъаса ГIабдулмажидил МухIамадица, Зираниса Жаватханица, Генуса МагIамухIамадица, райадминистрациялъ ва гIемерал цогидазги гьабуна гIарцулаб кумек, гьеб лъикIаб тадбир тIобитIиялъе. Къецазде ва балагьизе рачIарал



кваназаризе кванил нигIматал къуралги ккана. Аллагьас киназулго гьабураб садакъа ва кумек къабул гьабун батаги. Амин!

**-ГIабдурахIман, районалъул гIадамаздехун хитIаб гьабун щиб дуца абилеб?**

-Хириял диналъул вацалги яцалги, хIаракат бахъе нужерго тIабигIатгIамал берцин гьабизе, цоцазул гьоркьорлъаби лъикIлъизаризе. Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис буго: «Гьаб дунялалда батарабщинаб жоялдаса нужее лъикIаб буго цоцазда гьоркьор гьуинлъиялда рукIин»,- абун. Гьеле гьебго жо такрар гьабизе бокьун буго диеги. Киназдасаго Аллагь разилъаги!

**Гара-чIвари гьабуна**
***ГЪАЗИМУХIАМАДИЛ МухIамадица.***

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 36 (7228)*
*1 сентябрь 2016 сон*



Дагъистаналъул Каспийскиялда кирпич хIадурулеб поселокалда рагьана мусоралъул сортал гьарулеб, гьеб къачIалеб завод. ЛъагIалида жаниб 200 тонна мусоралъул хIалтIизабизе бажарула гьениб. ХIалтIизе биччан хадуб гьениб къачIазе буго МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул ва Каспийск шагьаралъул мусор.



*АхIулгохIда рагъал ккаралдаса - 177 сон*

# АхIулгохIда рагъаразул сияхI

II. Аргъваниса СалихIиласул ХIажи-захIматго лъукъарав гьев лъавуда гьечIого асирлъуде ккана, гьениса лъутана ва Кабардиялда вахчун вукIана. Шамилил цIаралдасан мугIрузул гIадамал ахIулел рукIана гIурусазул талавурчагIазде данде къеркьезе. (Ичкериялдаса Далхан Хожаев. «Кабардаялде Шамилил рагъулаб сапар» абураб тарихияб очерк. Газета «Даимаб ахIи», N 3, I994 сон). Гьесул хадусеб къисмат жеги лъаларо.

I2. ЧикIаса Ахъбердиев МухIамад-вагъулаан гьалбацI гIадин, вукIана лъукъун.

I3. ЧIикIаса Годоков ГIиса-гьевги Ахъбердиев МухIамадги асирлъуде ккана. Жанир тIамун рукIана Шурагьир «Кавалер Батарея» къурда тIад бараб туснахъалъур. Цогидал муридзабазда гьениса лъутизе кIвана цадахъго. Гьезул цо бутIа ккезе щвана, цогидал гIагардегIан букIараб рохьор рахчана, ИчIго къоялдаса гьел кIиялго ЦIобокь росулъе рачIана ва гьениса Шамилихъе Даргъоре рорчIана. *(Булач ХIажиев, «Салатавиялъул мугIрузул ахалъуда», МахIачхъала, I973 сон, 30 гьумер).*

I4. Гъоркьияб ГIашилтIаса Къокъав Дибир-бахIарчилъиялда вагъана АхIулгохIда, вукIана Шамилил хIинкъи гьечIев разведчиклъун. АхIулгохI бахъаралдаса хадув нохъода вахчун вукIана, цинги сардилъ солдатазул хъаравуллъиялда ва постазда гьоркьосан росулъе ворчIана. Вагъана Шамил асирлъуде ккезегIан, хадуб хъулухъ гьабуна Дагъистаналъул рекIаразул рагъулаб полкалда, гIахьаллъана турказулгун гIурусазул рагъда, хвана Харе шагьаралде гьужум гьабулаго. *(«Бакълъулазул нур» газета, I993 соналъул II февраль, N7).*

I5. ГIашилтIаса Меседо-Даришиласул чIужу, росасда аскIой бахIарчилъиялда ягъана, I5 ругъун щваниги чIаго хутIана.

I6. ГIахьвахъа АхIмад - гьев гIолохъанав мурид бахIарчилъиялда вагъана АхIулгохIда, гьел кьогIал балагьал къояз васасул рокьи ккана ГIашилтIаса лебалай яс РахIиматихъ. Лъукъарал гьел кIиядаго талихIалъго 22 августалда хъалаялдаса къватIире рорчIизе кIвана, хадуй гьес РахIимат ячана ва ПашилтIа гIумру гьабуна. ВукIана Шамилил ритIухъав муридлъун.

I7. ГIашилтIаса РахIимат - гIажаибго берцинай ва лебалай гIолохъанай яс, бахIарчилъиялда ягъана рагъда хварал васазда ва инсуда цадахъ. ГIахьвахъа АхIмадгун цадахъ 22 августалда АхIулгохIдаса къватIие йорчIана, хадуй АхIмадие росасе ана ва гьесда цадахъ ГIашилтIа гIумру гьабулеб букIана.

I8. ПуркIачIиса ГIалимирза - АхIулгохIда ра гьазулъ гIахьаллъи гьабуна жиндирго гIолохъанав вас Муртузида цадахъ. ГIалимирза рагъулъ чIвана, Муртузин абуни щибго зарал ккечIого чIаго хутIана. Муридзабигун цадахъ Шамил имам Даргъове гочараб мехалъ имамас гьев муридзабазул бетIерлъун тIамуна. Шамил асирлъуде ккедал Дагъистаналдаса къватIиве ана. Шамилил чанго муридасда цадахъ Харсалда гIумру гьабулеб букIана. *(Гъазигъумекиса ГIабдурахIман. Парабалдаса буссинабураб ракIалде щвезул тIехь «Китаб-ат-тазкира», «Нилъер Дагъистан» журнал, I996 соналъул I8I-I83 номерал).*

I9. Колоса ГIалимирза - гьадин хъвалеб буго жиндирго «Китаб-ат-тазкира» абураб тIехьалда Гъази гъумекиса ГIабдурахIманица: «Гьеб росулъ гIумру гьабулеб букIана хIалакъав, цо гурони бер гьечIев, цояб квералдаса махIрумлъарав магIарулас. АхIулгохIда рагъулъ гIурусазул гIарадаялъул гуллица гьесул цо квер тIезабуна. Гьесда цIар букIана Палимирза, кколаан Сурхайил вацасул вас, имамас гьесда тIадкъана байтулманазе бетIерлъи гьабизе, Шамилие гьев кутакалда вокьулаан, гьел росабазул наибас цо-цо мехалда гьесда тIадкъалаан нухмалъи гьабизе. Гьес тIадкъараб иш кидаго нахъгIунтIун ва камилго тIубазабулаан. Парабазул аби буго талихIав инсул вас имгIаласда релълъарав вукIинилан, гьедин ГIалимирзаги сундулъго Сурхайида релълъарав вукIана». *(«Нилъер Дагъистан» журнал, I996 сон, №I8I-I83,70 гьум).*

20. Инхоса НурмухIамад - дарвиш ва имамасул гьудул. ТIоцеве гьев ракIалде щвезавулев вуго I830 соналъул февралалда. Гумбеталъулазулгун питна-кьал ккараб мехалда Шамил балагьалдаса хвасарлъана Инхоса дарвиш . НурмухIамадил ва гьесул гьалмагъзабазул кумекалдалъун. (Къарахъа МухIамадтIагьирил тIехьалдаса, 25 гьумер). I83I соналда гьев лъукъун вукIана «Агъачхъала» щулалъи-ялда аскIор ккарал рагъазда, гIахьаллъи гьабуна АхIулгохI цIуниялъулъ, гьев вукIана I840 соналда жидерго ва сверухъ ругел росаби мутIигI гьаризе ТIелекьа КъебедмухIамадие кумекалъе битIараб Жаватханил къокъаялда гьоркьов. Хадув гьалмагъзабигун цадахъ дарвиш НурмухIамад ана Къарахъе. Гьес гьенир аманаталъе гIолохъаби рачана ва КIаратIе ритIана. *(Гъазигъумекиса ГIабдурахIман, «Китаб-ат-тазкира» абураб ракIалде щвезул тIехь, «Нилъер Дагъистан» журнал I995 сон, NI79-I80,82 гьум).*

2I. ГIашилтIаса ХIасан-ХIажияв Малачиханов. I2 сон барав чи кьун вукIана Калугаялдаса бечедав помещик Парамоновасе, 20 сон бараб мехалъ армиялде кьуна ва вахъана пачаясул армиялъул полковниклъун. Шамилиде данде вагъизе инкар гьабуна, гIахьаллъана Крымалъул рагъулъ. Хадусала Шамилгун чанго нухалда дандчIвана Калугаялда.

22. ГIашилтIаса ИбрагьимI - бахIарчи гIадин вагъа-на, ккана асирлъуде, витIун вукIана Харьков шагьаралде. Гьесул вас МухIамадгIали хадуса вахъана гIурусазул офицерлъун.

23. ГIашилтIаса ГIалигьалбацI - асирлъуде ккана гьитIинавго чи, гIемераб гIакъуба, инжитлъи бихьун нахъе ворчIизе кIвана. Хадуса гьесул вас МухIамад вахъана цIар арав гIалимчи.

24. ГIашилтIаса Малачил вас ХIажияв - асирлъуде ккана, нахъе вачIинчIо, къисмат кинаб ккарабали лъаларо.



25. ГIашилтIаса СултIан - асирлъуде ккана гьитIинавго чи, гIемераб гIакъуба-къварильи бихьун гьениса тIурун ворчIана росулъе. Гьесул лъади Меседоги гьединго АхIулгохIда йикIана,

26. ГIашилтIаса ХIава - гьитIинай жо ккана асирлъуде.

27. ГIашилтIаса ИсмагIил - лъимер гIанав вугев мехалъ вахана гохIде, цинги ккана асирлъуде. КIудиял гIедал, цоцахъ рокьи ккун ХIаваги ИсмагIилги данделъана.

28. ГIашилтIаса Чамасдак-Мурадбегил чIужу - къисмат кинаб ккарабали лъазабулеб буго.

29. ГIашилтIаса Бахтумагъа-Малачил чIужу. Гьелъул къисмат кинаб ккарабали лъазабулеб буго.

30. ГIашилтIаса Шайихасул ГIашат-къисмат кинаб ккарабали лъазабулеб буго.

3I. ГIашилтIаса ГIалихIума-лъимер гIанасев жо вукIана гохIде вачIараб мехалъ. Гьесул хадусеб къисмат кинаб ккарабали лъазабулеб буго.

32. ГIашилт1аса НурмухIамадил Ханзадай - къисмат кинаб ккарабали цIехолеб буго.

33. ГIашилтIаса бахIарчияв рагъухъан Хацар МухIамадил щуго вас: ГIамирхан, ГьитIинамухIамад, Нуричу, ГIарип, НурмухIамад. Гьезул ккараб къисмат жеги тIубан лъаларо.

34. ГIашилтIаса ГIумарил вас Гъази - лъимер гIанасев жо ккун вуго асирлъуде. Хадусеб къисмат лъазабулеб буго,

35. ХъахIабросулъа КIудияв ИсхIакъ.

### Пачаясул талавурчагIазухъе асирлъуде ккарал гIадамазул сияхI

Къарахъа МухIамадтIагьирица тIадехун рехсараб гьебго тIехьалда хъвалеб буго: «АхIулгохIда гIурусазухъе асирлъуде ккана анлъунусгоялде гIагарун чи, цо-цояз абулеб буго анкьнусгоян - бихьинал, руччаби, лъимал ратIа гьаричIого».

**Гьездаса гIалимзаби:**

I. ГIанусиса Силикул МухIамад-муридазул мулла, асирлъуда хвана.

2. МелъелтIаса ИбрагьимхIажияв - гьесул хадубккунисеб къисмат лъаларо.

3. Бекьилъа КIудияв АхIмад-абула гьев туснахъалъув чIванилан.

4. Бекьилъа ГьитIинав АхIмад- гIурусаз вакъуца хвезавуна.

5. Бекьилъа ЖабрагIил - гьесулги хадусеб къисмат лъаларо.

6. ХарачIиса Хизкил-лъутизе къасд гьабулаго чIвана.

7. ХъахIабросулъа МухIамадгIали - гьесул хадубккунисеб къисмат лъаларо.

8. ПуркIачIиса НурмухIамад-гьесул хадубккунисеб гIумру лъазе кIвечIо.

9. Хелекьуриса МухIамад - гьесулги хадурккунисел баянал лъаларо.

I0. БуцIраса ТIалхIат - гьев гIарцухъ вичун нахъе вачана.

II. Янгъиюрталдаса ХIажибулат - балагьараб заманалда гьев гьанжесеб Гъизилюрталъул Султанянгъиюрталдаса вукIун ватизе ккола. Гьевги гIарцухъ вичун нахъе вачун вуго.

I2. ЧIарадаса ХIади ДегIенгIали - хадув Сибиралдаса лъутана ва гьевги Бухараялде ворчIана.

I3. Гулукалдаса Карахан-гуржияв, Сибиралдаса лъутана ва гьевги Бухараялде ворчIана.

I4. Балахьуниса Эгелди - Балахьуниса машгьурав наиб Мусал яс, инсуца гьей асирлъиялдаса йикъана, тIолабго гIумруялъ цохIо жинцаго янгъизлъиялда гIумру гьабуна. Араб гIасруялъул авалалда хвана ва Балахьуний юкъун йиго.

I5. ГIашилтIаса Мусаласул Абакар - залимаб черхалъул бахIарчияв мурид, лебалго вагъана АхIулгохIда, захIматго лъукъарав гьев асирлъуде ккана ва Сибиралде витIана. Гьениса лъутана ва жиндирго ПашилтIа росулъе тIад вуссана.

I6. Гьесул чIужу Мирзал Пашура - АхIулгохIдаса къватIие йорчIана, гIурусал АхIулгохIде тIаде рахараб мехалда захIматго лъукъарав жиндирго рос Абакарги вахчун, гьесул ярагъ-рачелгун чухъаги тIад ретIун ахиралде щвезегIан бахIарчиго ягъана. Чанго нухалда лъукъана, бида ецIцIулаго 22 августалда сардилъ тамашаяб бажариялдалъун тушманасул кверщаликьа йорчIана.

I7. ГIашилтIаса Нуцалай - бахIарчияй рагъухъан. КаримухIамадгIалил яц, Урдашил чIужу, анцIго сон бана Сибиралда, кIудияб къварильиги хIехьон гьениса тIад юссана. Гьелъул букIана кIиго гьитIинаб лъимер - анкьго сон барав кIудияв АхIулгохIда хвана, щуго сон барав кIиабилев Сибиралде ритIулаго гьелдаса ватIа гьавуна ва свакалъулгун ракъул хIасилалда нухдаго хвана.

I8. ГIашилтIаса Узу - гьей гIужилай кьвагьдохъаналъ чIвана кIиго офицер ва чанго солдат. Ахиралда йикIана Гьизляралда, гьениса лъутун рокъое - ГIашилтIе - йорчIана.

I9. ГIашилтIаса ХацармухIамад - чанго нухалда лъукъарав гьесда ахираб заманалда хIали-мадаралъ гурони вагъа-вачаризе кIолеб букIинчIо ва гьединлъидал асирлъуде ккана. КIиго хъаравулги чIван асирлъудаса лъутана ва ГIашилтIе тIад вуссана.

20. ГIашилтIаса ГьитIинав - лебалав бахIарчи, лъукъарав гьев асирлъуде ккана ва гьениса рокъове тIад вуссана.

2I. ГIашилтIаса Мусал Шамил - гьалбацI кинигин лебалго вагъулаан, вукIана лъукъун, асирлъудаса тIад вуссана. МухIканлъаби жеги лъазарулел руго.

22. ГIашилтIаса Мурадбег - хIинкъи -къай лъаларев багьадур, асирлъудаса рокъове тIад вуссана. МухIканлъаби хадурккунги лъазарулел руго.

23. ГIашилтIаса АхIмадхIажияв - лебалав инсан, чанго нухалда лъукъун вуго, асирлъудаса рокъове вачIана. МухIканлъаби нахъеги лъазарулел руго.

24. ЧIиркьатIаса Гъазилхал Рузмай - берцинаб сипаталъул гIолохъанчIужу, АхIулгохIда бахIарчилъиялда ягъана, гьений лъукъана, асирлъуда мустахIикъаб куцалда хIехьана гIурусазул зулму ва хвана гьелъул хIасилалда.

*(Хадусеб бук1ине буго)*

# Лъаязул къогун, хIурматиял!

**ХIурматиял Унсоколо районалъул гIадамал, хириял цIалдохъаби, эбел-эмен, педагогал!**

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда Лъаязул къо, гьарула кинабго лъикIабщинаб цIияб цIалул соналда.

ЛъагIалил бищунго рохалилаб ва тIалаб-агъаз гIемераб ккола гьаб праздник. Гьеб киналго гIелазе хирияб буго, щайгурелъул гьелъ нухал рагьула цIияб гIумроялде ва церетIеязде. ГIумроялъго ракIал хинлъизарула нилъер гьелъул рахъалъ ракIалде щвеяз. АхIула цIиял ишазде.

ГьабсагIаталда цIияб приоритеталъул аслияб рахълъун ккола качественнияб лъай кьей. Нилъер улкаялъ, рес публикаялъ, районалъ цебе масъала лъун буго жакъасеб кIвар бугел масъалаби гIумроялде рахъинаризе кIоларин тIадегIанаб лъай-махщел бугел, мурадалде ишан ккурал гIадамал гьечIони,-абун.

Унсоколо районалдаги жигаралда хIалтIизарулел руго лъай кьеялъул цIиял къагIидаби, гIатIидго пайда босулеб буго информационнияб технологиялдасан, лъикIлъизабулеб буго цIалул бакIазул материалияб база. Гьеб ишалъулъ цIайи бугеб роль хIалтIизабулеб буго учительзабаз. Рагьун абизе ккола районалъул кIудияб бутIа учительзабазул ккола жидерго ишалъул унго-унгоял устарзаби, гьез жидерго бажариги лъайги кьолеб буго гIолеб гIел лъай-гIакълу камилаллъун гIезариялъе. Баркизе бокьун буго гьединго гьанжего гьанже школалде рачаразда, жакъа жидее тIоцебе цIумур кьабуразда праздник.

РакI-ракIалъ гьарула педагогазе профессионалиял бергьенлъаби, цIалдохъабазе – цIалуде рокьи, гIакълу, бичIчIи буголъи, мурадалде щвеялъе жигарчилъи, эбел-инсуе-сабру, бажари бугел гIенеккулел лъимал.

ТIурайги щивасул мурадал, талихI, лъикIаб сахлъи, лъугIулареб жан ва нужедаго божи, рохел, нужее!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

# «Колобок» ясли-ах рагьана



Гьес гендерида цеве кIалъалаго абуна: -Ахирияб лъабго сонида жаниб нижеца хIалтIизабизе кьуна 79 ясли-ах. ЛъагIалил ахиралде кьезе буго жеги микьго. Дие кIвар кьун абизе бокьун буго, районалъул ва росдал бутIрул ГI. НурмухIамадовасул ва А. МухIамадовасулги жигаралъ гуребани гьадин хехго ясли-ах хIалтIизабизе кьелароанин.

Гьединго вице-премьерас ракIалде щвезабуна ясли-ах банин хасаб соглашениялда рекъон, 20I4 соналъул февраль моцIалда Правительствалдаги гендеридаги гьоркьоб гьабураб. -Садикалъул педагогазда гьаризе бокьун буго лъимал ватIан бокьулеллъун, киналго гIумро гьабиялъул хазинаби хIисабалде росун куцай,-ян. Риччанте гьел рахъине Дагъистаналъулго чIухIилъун. Биччанте гьезул рагIи ракълил символлъун букIине!

-Къварилъиялда хадуб гIатIилъи камуларо,-ян абуна кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас. – Кутакалда лъикIаб иш буго садик заманалъулаб поселокалда рагьи. Гьеб Правительствалъ гендеридехун гьабулеб лъикIаб бербалагьи лъун ккола. Ралагье, кIудияб рохел буго гьезул лъималазул гьурмазда жакъа. Баркала буго Р. ГIабдулатIиповасе, Р. Жафаровасе нилъер районалдехун гьабулеб бугеб лъикIаб балагьиялъухъ.

Жеги рукIина гьадинал объектал районалда,-ян анищ гьабулеб буго жакъа дица. Баркала гьадинаб берцинлъи букIинабуралщиназе!

ЖамагIаталъул рахъалдасан кIалъана ГI. Камилова. Гьелъ цIалана цIияб садикалде гьабураб кечI. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна жалго гьитIичазги. «Звездочка», «Мама» кьурдабаз пана гьаруна балагьарал. Гьединго жидерго гьунар бихьизабуна культураялъул хIалтIухъабазги. ГIадаталда рекъон гендерица гьалбадерида дандчIвай гьабуна батIи-батIиял тIагIамалгун, гьуинлъабигун.

# «РИФ Кавказ» Интернет-форумалда

Августалъул ахириял къоязда Дагъистаналда букIана Россиялъул «РИФ Кавказ» абураб Интернет-форум. 2000 гIагарун чияс гIахьаллъи гьабуна гьениб, гIенеккана лъикIал лекциязухъ. Гьенир гIахьаллъана нилъер районалдаса райадминистрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева ва Цогояб информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъан Х. ХIайбулаев.

20I6 соналъул конференциялъул аслияб лъугьана Каспиялъул рагIаллъабазда ругел улкабазул туризмалъул, телемедицинаялъул, шагьаразул инфраструктураялъул ва жеги г1емер батIи-батIиял темаби.



Аслияб лъугьа-бахъинлъун гьениб ккана Дагъистаналъул Правительствалъ ва «Поисковияб портал «Спутникалъ» цадахъ рекъон хIалтIизе къотIи-къай хъвай. Гьеб бухьараб буго республикаялда туризм цебетIезабиялда. Гьединго интернеталдасан тIалаб гьабизе бегьула курортал-санаториязде путевкаби, цебетIезабизе бегьула гIисибикъинаб бича-хиси ва цогидабги.

Форумалъул рамкаялда жанир унел рукIана «Цифровая грамотность», «Цензура и СМИ», «Яндекс. Новости», «Эпоха новостних агрегатов», «Медиа по внешней политике» ва цогидалги акциял.

ГIахьаллъаразе форумалдасан кIудияб пайда щвана, гIемерал рахъал, тIадал ишал ричIчIиялъе квербакъи гьабуна.

# ОБЪЯВЛЕНИЯ

В настоящее время Минис-терством здравоохранения Республики Дагестан проводится подготовительная работа предстоящему эпидемическому сезону гриппа и ОРВИ.

С учетом интенсивности эпидемического процесса сезона 2015-2016гг., подана дополнительная заявка в Минздрав России по увеличению поставки противогриппозных вакцин с 985 тыс. доз до 1155 тыс. доз, что позволит править около 38% населения республики. Первые поставки вакцины планируются в августе т.г.

Для удержания эпидемии гриппа Всемирная организация здравоохранения рекомендует охватить вакцинацией против гриппа не менее 40% населения.

Республика Дагестан является одной из двух субъектов РФ, где не выделялись финансовые средства из республиканских и муниципальных бюджетов на мероприятия по предупреждению развития эпидемии гриппа.

В связи с изложенным, Администрация МО «Унцукульский район» просит глав сельских поселений оказать содействие медицинским работниками при проведении вакцинации населения против гриппа, а также руководителей учреждений и организаций района организовать вакцинацию сотрудников против гриппа.

* * *

Министерство труда и социального развития Российской Федерации совместно с Межрегиональной Ассоциацией содействия обеспечению безопасных условий труда «Эталон» проводит Всероссийский конкурс на лучшую организацию работ в области условий и охраны труда «Успех и безопасность». В конкурсе могут принять участие организации, осуществляющие деятельность на территории муниципальных образований. Участие в конкурсе осуществляется на безвозмездной основе, проходит заочно на основании общедоступных данных и сведений, представленных участниками.

Для участия в конкурсе необходимо пройти регистрацию на веб-сайте оператора Всероссийского конкурса Ассоциации «Эталон» http://www.actalon,ru в разделе «Конкурс», заполнить электронные формы заявки на участие в конкурсе и сведения об органе местного самоуправления, организации.

Прием заявок на участие в конкурсе организаций осуществляется до 21 марта 2017 года. Со всеми вопросами по конкурсу можно обращаться в Министерство труда и социального развития РД по тел.: 8(8722)64-21-16, ohranatruda88@mail.ru

* * *

Утерян аттестат о среднем общем образовании №05АБ0074573, выданный 28.06.2012 года Гимринской поселковой СОШ на имя Загулиевой Гульжанат Шамиловны 07.08. 1977 г.р.

С сегодняшнего дня аттестат считается недействительным.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 10. 31. 16 г. 17. 20
фактически -18. 30 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.